



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 7.6 MILYON DOLA NAN FINANSMAN DISPONIB
ATRAVÈ FAZ 2 PWOGRAM MANJE NEW YORK POU FANMI NEW YORK YO**

*Pwogram nan baze sou angajman Eta Leta Gouvènè a pou l ranfòse rezistans
sektè alimantè ak agrikòl New York la*

*Pwojè ki jwenn prim yo pral ranfòse kominote agrikòl la ak ogmante aksè nan
manje fre ak lokal*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 7.6 milyon dola ki disponib pou òganizasyon ki elijib yo atravè Faz 2 pwogram Manje New York pou Fanmi New York (New York Food for New York Families, NYFNYF) yo. Pwogram lan, ki finanse atravè sibvansyon Depatman Agrikilti Etazini (United States Department of Agriculture, USDA) an, ap bay yon ranfò pou kiltivatè New York yo ogmante aksè kominote yo nan manje lokal yo, epi ranfòse sistèm alimantè New York la pi plis. Nan novanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse [yo te bay plis pase 40 milyon dola](#) a 102 òganizasyon sèvis alimantè nan eta a atravè Faz 1 pwogram nan.

"Nan diskou Eta Leta 2024 mwen an, mwen te ranfòse angajman mwen pou m kreye yon avni ki pi rezistan pou sektè agrikòl ak alimantè New York la - k ap kontinye pwogram Manje New York pou Fanmi New York la ki double objektif sa a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè ki jwenn prim yo atravè Faz 1 pwogram transfòmatè sa a deja ap ede pote manje fre, lokal bay fanmi ki bezwen l plis, pandan l ap sipòte tou kominote agrikòl New York la. Faz 2 pwogram nan ouvri kounye a pou òganizasyon kominotè yo aplike epi pwojè yo ki rive reyalize yo pral san dout ranfòse sistèm n ap bati a pou ede Nouyòkè ki pi vilnerab yo."

Yon total 7.6 milyon dola disponib pou pwojè yo nan Faz 2 a. Moun k ap aplike yo ka mande yon finansman ki nan yon minimòm 250,000 dola ak yon maksimòm 2 dola. Pwojè ki jwenn prim yo pral sipòte kiltivatè lokal yo ak kiltivatè ki defavorize tradisyonèlman yo nan elaji opòtinite ekonomik ak kreye nouvo kanal maketing pou yo nan eta a pandan y ap asire manje lokal yo rive jwenn fanmi New York ki nan bezwen yo.

Egzanp kalite pwojè ke yo ka finanse atravè Faz 2 sa a gen ladan:

- Yon òganizasyon san bi likratif ka achte plis manje lokal epi elaji livrezon nan nouvo kominote nan zòn ki pa gen sekirite alimantè yo,
- Yon gouvènman lokal oswa minisipal ka achte plis manje lokal pou enstalasyon nan kominote ki pa gen sekirite alimantè yo,
- Yon bank manje oswa yon gadmanje ka achte bwat manje dirèkteman nan yon fèm,
- Yon sant kominotè ka kòmanse yon pwogram sakado pou voye manje lakay avèk kliyan yo, oswa
- Yon sant gadri san bi likratif k ap sèvi kominote ki pa gen sekirite alimantè yo ka achte plis manje lokal pou repa ak ti goute.

Aplikasyon ki elijib yo gen ladan òganizasyon san bi likratif, koperativ agrikòl, òganizasyon tribi, enstitisyon edikasyon piblik ak gouvènman lokal oswa minisipal. Antite ki te resevwa yon prim nan premye faz finansman an pa elijib pou yo aplike. Gen yon wèbinè enfòmasyon ki pral fèt 18 janvye a 3:00 pm. [Enskripsyon yo disponib sou entènèt.](#)

Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York dwe resevwa pwopozisyon yo anvan 3:00 pm lè lokal nan 15 fevriye 2024. Aplikasyon yo ta dwe konnen aplikasyon yo pou faz sa a oblije soumèt kòm yon aplikasyon sou pape paske Eta New York ap fè tranzisyon kounye a soti nan Pòtay Sibvansyon (Grants Gateway) pou ale nan Sistèm Finansye nan Tout Eta a (Statewide Financial System, SFS). Aplikasyon yo toujou oblije prekalifye nan SFS apre li antre an dirèk nan 16 janvye. Antite ki enterese yo ka jwenn plis enfòmasyon sou grantsmanagement.ny.gov/transition-SFS. W ap jwenn plis enfòmasyon sou agriculture.ny.gov/rfp-0325-new-york-food-new-york-families-round-2.

Sou-Sekretè pou Maketing ak Pwogram Reglemantè USDA a, Jenny Lester Moffitt te deklare, "Manje New York pou Fanmi New York yo, ki finanse atravè Pwogram Asistans pou Achte Manje Lokal USDA a, se yon bèl egzanp sou sa gouvènman eta, tribi ak teritwa yo kapab fè pou ranfòse mache lokal yo pou pwodiktè manje lokal yo, epi ba yo otonomi pou sipòte moun ki fè fas ak ensekirite alimantè nan pwòp kominote yo. Nou te wè retou enkwayab sou premye faz prim yo avèk moun ki soti nan Queens rive nan Konte Erie ki rekonesan dèske yo te resevwa bon jan kalite pwodwi letye ki fre anpil, rezidan granmoun aje ki apresye ogmantasyon nitrisyonèl ki nesèsè yo, ak jèn fanmi yo ki rekonesan dèske yo resevwa manje ki an sante pou pitit yo ki te ka pa abòdab yon lòt fason. Nou kontan anpil pou nou wè sa finansman nan dezyèm faz la pral akonpli."

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare, "Pwogram Manje New York pou Fanmi New York la ap ede òganizasyon alimantè lokal yo gen plis enpak sou kiltivatè yo sipòte yo ak bay fanmi y ap ede yo manje ki pi bon kalite ak pi nitritif. Mwen fyè de sa pwogram sa a ap akonpli jiskaprezan, avèk plis pase 40 milyon dola yo deja bay nan 102 pwojè atravè eta a deja. Mwen espere wè sa pwojè yo nan Faz 2 a pral rezève pou moun yo, epi ankouraje tout antite ki elijib pou yo aplike."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Avèk gwo investisman federal USDA sa a, New York ap travay pou asire aksè nan manje fre, ki an sante, ki soti nan

nivo lokal nan kòmansman nouvo ane a, ki pral benefisye alafwa kiltivatè lokal yo ak fanmi ki nan bezwen yo. Mwen te ede bay 40 milyon dola pou pwogram Manje New York pou Fanmi New York la ki te benefisye plis pase 100 òganizasyon New York nan mwa novanm pase a epi mwen fyè pou m te bay plis pase 7 milyon dola anplis isit la jodi a, ki se yon viktwa pou fanmi yo, kiltivatè lokal yo ak nan tout chèn apwovizyonman alimantè eta nou an. Envestisman USDA sa a pèmèt Gouvènè Hochul bay plizyè santèn milye manje epi mwen angaje m pou m goumen pou plis sipò tankou sa a pou kenbe timoun, paran, fanmi yo ak tout moun atravè New York nouri."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Pwogram Manje New York pou Fanmi New York la ede asire ke Nouyòkè yo gen aksè nan manje ki bon pou sante ak nourisan. Finansman 7.6 milyon dola sa ap ede ranfòse sistèm apwovizyonman alimantè Eta New York la pi plis, k ap asire ke gen manje lokal ki disponib pou fanmi New York ki nan bezwen yo, tout sa pandan l ap sipòte kiltivatè lokal yo. Mwen rekonesan pou angajman USDA pou ogmante sekirite alimantè nan New York epi m ap kontinye goumen pou asire ke tout fanmi New York yo gen manje ki bon pou sante sou tab yo."

An total, AGM te resevwa 49.6 milyon dola atravè Pwogram Akò Koperativ pou Asistans nan Acha Manje Lokal (Local Food Purchase Assistance Cooperative Agreement, LFPA) USDA pou aplike NYFNYF. Objektif pwogram nan se etabli ak elaji patenarya ant kiltivatè/pwodiktè New York yo, kominote distribisyon manje a, ak rezo manje lokal yo pou asire distribisyon manje fre nourisan nan zòn riral yo, adistans, ak/oswa nan zòn defavorize yo; amelyore aksè a manje pou kominote defavorize yo lè yo konsidere defi rejyonal yo; epi sipòte kiltivatè/pwodiktè lokal ki tradisyonèlman defavorize yo nan elaji epi kreye opòtinite maketing ak ekonomik.

Baze sou NYFNYF ak pwogram menm jan an ki fèt pou ranfòse sistèm alimantè a nan New York, [Diskou Eta Leta 2024 Gouvènè Hochul la prezante yon plan pou endistri agrikòl New York la](#) pou vin pi fò, pi rezistan, ak pwoaktif kont menas nan lavni ki kouvri sektè sante, anviwònman, travay ak edikasyon. Gouvènè a te anonse plizyè gwo pwopozisyon pou bay yon ogmantasyon nan endistri letye ak agrikòl New York, pwogram devlopman mendèv, ak lidèchip ak opòtinite edikasyon pou jèn yo, ki gen ladan plan inisyativ transvèsal ki pral ranfòse endistri a epi pwomouvwa yon avni ki pi fleksib pou sektè agrikilti, alimantè ak forestye nou yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)